

BAB III

MÉTODÉ PANALUNGTIKAN


Métodé panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun meunangkeun data anu miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu (Sugiyono, 2012, kc.3). Cara ilmiah ngandung harti panalungtikan dumasar kana cicirén kaélmuan, nya éta *rasional*, *empiris*, jeung *sistematis*. *Rasional* hartina nya éta kagiatan panalungtikan kudu asup akal manusa jeung logika dumasar kaayaan anu sabenerna. *Empiris* hartina nya éta hasil nu ditimukang mangrupa hasil tina observasi. *Sistematis* ngandung harti ngalaksanakeun panalungtikan kudu ngagunakeun léngkah-léngkah anu tangtu jeung ngéntép seureuh (Sugiyono, 2012, kc. 14).

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode anu digunakeun nya éta métode déskriptif. Pamarekan kualitatif miboga sipat tentatif kusabab pamakéanna ditangtukeun ku kontéks masalah sarta gambaran data anu baris ditimukeun (Maryaeni, 2005, kc.66). Métode déskriptif nya éta métode anu ngagunakeun fakta (survéy), interview (wawancara ka nara sumber pikeun meunangkeun fakta), jeung maké interprétasi anu tepat tur jelas (Suyatna, 2002, kc. 14).

Pamarékan dina makéna ieu métode diusahakeun dina ngumpulkeun data kudu luyu jeung waktu sarta kamampu anu nyampak. Anu dijadikeun dadasar dipakéna métode déskriptif dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun ajén éstétika dina Tradisi Ngabungbang Raga jeung Rasa atawa disingget TNgRR (satuluyna ieu singgetan dipaké dina ieu pedaran) di Padépokan Kuru Sétra.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta make pamarékan kualitatif. Panalungtikan kualitatif biasana leuwih ngagunakeun métode déskriptif, saperti wawancara, jeung studi kasus pikeun ngagambarkeun paripolah ti batan ngagunakeun data anu bisa dianalisis sacara statistik.



Dita Anggia Dewi, 2016

*AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA
DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA*


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Desa Sirnaresmi mangrupa salahsahiji desa tina tujuh desa nu aya di Kecamatan Gunung Guruh Kabupatén Sukabumi. Luas wilayah Desa Sirnaresmi 650 Ha nu ngawengku 13 RW jeung 54 RT. Desa Sirnaresmu miboga wates administratif, wates belah kalér Desa Cibolang, wates belah kidul Desa Parakan Lima jeung walungan Cimandiri, wates belah wétan Desa Kebon Manggu, jeung wates belah kulon Desa Kertaraharja.



Dita Anggia D

**AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA
DESIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Gambar 3.1 Peta Tempat Panalungtikan

Desa Sirnaresmi mangrupa desa nu aya di wewengkon handap. Desa ieu aya dina dua zona tofografi, nya éta.

- 1) Lega lahan (rata-rata).
 - (1) Darat: 597,97 Ha
 - (2) Sawah: 102,03 Ha
- 2) Wewengkon luhur nu pernahna 400-500 métér (dpl)

Ieu panalungtikan di ayakeun di Padépokan Kuru Sétra, nu pernahna di RT 01 RW 10 Desa Sirnaresmi Kecamatan Gunungguruh Kabupatén Sukabumi

3.2.1.1 Kondisi Sosial

1) Penduduk/Demografi

Nurutkeun data dina monografi Desa Sirnaresmi taun 2015, jumlah penduduk Desa Sirnaresmi nya éta 8.402, nu ngawengku 4.187 laki, 4.215 awéwé.

Tabél 3.1

Jumlah Penduduk Dumasar Klasifikasi Umur

No	Umur	Jumlah
1	0-14 taun	2.608 urang
2	15-49 taun	4.424 urang
3	50-64 taun	848 urang
4	64 ka luhur	522 urang
Total		8.402 urang

2) Pendidikan

Tingkat pendidikan masarakat Desa Sirnaresmi, bisa katitén dina ieu tabél di handap.

Tabél 3.2

Jumlah Penduduk Dumasar Klasifikasi Tingkat Pendidikan

Dita Anggia Dewi, 2016

*AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA
DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Tingkat Pendidikan	Jumlah
1	Teu tamat SD	1.604 urang
2	SD	2.588 urang
3	SMP	2.096 urang
4	SMA	1.925 urang
5	Diploma/Sarjana	196 urang
Total		8.402 urang

Dumasar kana hasil data monografi Desa Sirnaresmi nu geus dipedar, katitén yén masarakat geus leuwih ngarti kana pentingna dunya atikan sanajan masih kénéh loba masarakat anu ngan saukur lulus SD, tapi masarakat nu lulus SMA gé teu éleh loba.

3) Pakasaban

Masarakat Desa Siranresmi nya éta masarakat agraris. Ku kituna, pakasaban masarakat Desa Sirnaresmi lolobanan nya éta patani. Nurutkeun data monografi Desa Sirnaresmi taun 2015, perséntase rupa-rupa pakasaban masarakat Desa Sirnaresmi katitén dina tabél di handap.

Tabél 3.3

Jumlah Penduduk Dumasar Klasifikasi Pakasaban

No	Pakasaban	Jumlah
1	Belum/ tidak bekerja	607 urang
2	Mengurus Rumah Tangga	1216 urang
3	Pelajar/ Mahasiswa	1517 urang
4	Pensiunan	30 urang
5	PNS	78 urang
6	TNI	29 urang
7	Polri	4 urang
8	Perdagangan	387 urang
9	Petani/Perkebun	630 urang
10	Peternak	5 urang

Dita Anggia Dewi, 2016

AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

11	Kontruksi	4 orang
12	Tranportasi	15 orang
13	Karyawan Swasta	306 orang
14	Karyawan BUMD	5 orang
15	Karyawan Honorer	16 orang
16	Buruh Harian Lepas	578 orang
17	Buruh Tani/ Perkebunan	1016 orang
18	Buruh Peternakan	3 orang
19	Pembantu Rumah Tangga	12 orang
20	Tukang Cukur	6 orang
21	Tukang Listrik	4 orang
22	Tukang Batu	14 orang
23	Tukang Kayu	25 orang
24	Tukang Sol Sepatu	1 orang
25	Tukang Las/Pandai Besi	3 orang
26	Tukang Jahit	6 orang
27	Tukang Gigi	1 orang
28	Penata Rias	5 orang
29	Penata Rambut	6 orang
30	Mekanik	4 orang
31	Seniman	2 orang
32	Paraji	2 orang
33	Imam Mesjid	23 orang
34	Wartawan	1 orang
35	Ustad	4 orang
36	Juru Masak	2 orang
37	Guru	15 orang
38	Dokter	1 orang
39	Bidan	3 orang
40	Sopir	18 orang

Dita Anggia Dewi, 2016

*AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA
DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

41	Pedagang	230 urang
42	Perangkat Desa	18 urang
43	Kepala Desa	1 urang
44	Séjénna	1549 urang
Total		8402 urang

4) Agama

Masyarakat Desa Sirnaresmi lolobana ngagem agama Islam, ngan sababaraha urang anu ngagem ageman séjén saperti Keristen, Hindu, jeung kapercayaan (Sunda Wiwitan)

5) Basa

Masyarakat Desa Sirnaresmi kaasup kana étnis Sunda, tangtu waé basa nu digunakeun dina sapopoé ogé ngagunakeun basa Sunda minangka alat komunikasina. Dina pamakéan basa Sunda di Desa Sirnaresmi, masyarakatna ogé ngagunakeun undak usuk basa, nya éta basa Sunda, anapon basa Indonesia digunakeun ngan ukur dina acara-acara resmi.

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Di handap ieu ditataan sumber data Sacara gurat badagna.

- 1) Jalma (person), nya éta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét. Di handap ditataan data jalma anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan.

Tabél 3.4

Data Informan

No	Kalungguhan	Data Informan
1	Informan Utama	Wasta : KH. M. Royanuddin AS Umur : 58 taun Jenis Kelamin : Lalaki

Dita Anggia Dewi, 2016

AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		Pakasaban : Wirausaha (Sesepuh Padépokan Kuru Sétra) Padumukan : Gunung Guruh
2	Informan Tambahhan Kahiji	Wasta : Odji Sudirja Umur : 122 taun Jenis Kelamin : Lalaki Pakasaban : Tani (Kuncén Gunung Gedé Sukabumi) Padumukan : Cibatuu Cisaat
3	Informan Tambahhan Kadua	Wasta : Memed Cakra Gumelar Umur : 77 taun Jenis Kelamin : Lalaki Pakasaban : Dalang (Budayawan Sunda) Padumukan : Bojong Lopang
4	Informan Tambahhan Katilu	Wasta : Dewi Shinta Umur : 22 taun Jenis Kelamin : Awéwé Pakasaban : Buruh (Anggota Padépokan Kuru Sétra) Padumukan : Pasar Saptu

- 2) Tempat (place), nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing atawa gerak mangrupa objék pikeun métodé obsérvasi.
- 3) Kertas atawa dokumén (paper), nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda, hurup, angka, gambar atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métodé dokuméntasi.

Luyu jeung pedaran di luhur, sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan, nya éta sumber data ti sesepuh Padépokan Kuru Sétra, hasil rékaman tina lumangsungna TNgRR, sarta data ti masarakat sabudeureunna lumangsungna upacara.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dita Anggia Dewi, 2016

*AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA
DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta maké téknik wawancara, studi pustaka, obsérvasi jeung dokuméntasi. Di handap ieu ditataan léngkah-léngkahna téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan.

1) Téhnik Observasi

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 199) obsérvasi mangrupa diténan sacara langsung, bisa dilakukeun ku cara tes, kuisisioner, rekaman gambar, jeung rekaman sora. Observasi dilakukeun pikeun meunangkeun informasi ngeunaan kalakuan manusa saperti anu kajadian sabenerna (Nasution, 2003, kc. 106). Téhnik observasi dilakukeun dina panalungtikan ieu sangkan meunangkeun ngambaran nyata dina TNgRR.

2) Téhnik Studi Pustaka

Data pustaka anu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku buku utama, karya ilmiah, buku ngeunaan éstétika, ngeunaan budaya sunda, jeung métodé panalungtikan. Karya ilmiah anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta skripsi ngeunaan ajén éstétika jeung tradisi nu aya di Tatar Sunda. Aya ogé sumber ti internet ngawengku web anu terpercaya, saperti wikipedia, blog para ahli anu méré informasi ngeunaan ajén éstétika jeung tradisi di tatar Sunda. Salian ti data pustaka, ngagunakeun studi pustaka nya éta dilaksanakeun di Perpustakaan Pusat Universitas Pendidikan Indonesia jeung Perpustakaan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, sarta ngalakukeun studi pustaka pribadi dina meunangkeun informasi ngeunaan TNgRR.

3) Téhnik Wawancara

Nurutkeun Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 127) wawancara mangrupa paguneman antara dua urang nu miboga maksud nu tangtu, nya éta nu ngawawancara (*interviewer*) salaku nu ngajukeun patalékan sarta anu diwawancara (*interviewee*) salaku nu méré jawaban tina patalékan. Dina ieu panalungtikeun ngalaksanakeun wawancara sacara nyosrok jero ka informan utama jeung tambahan anu mikanyaho ngeunaan TNgRR. Dina lumangsungna wawancara aya kartu idéntitas, nu dipaké pikeun nulis idéntitas nara sumber, contona dina gambar di handap.

Kartu Idéntitas

Dita Anggia Dewi, 2016

**AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA
DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Wasta	:
Umur	:
Jenis Kelamin	:
Pakasaban	:
Padumukan	:

Gambar 3.2

Kartu Idéntitas

4) Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa hiji cara ngumpulkeun data anu ngahasilkeun catétan-catétan penting nu miboga hubungan jeung masalah nu rék ditalungtik, pikeun meunangkeun data anu lengkep, sah sarta lain dumasar kana perkiraan (Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc.158). Dina ieu panalungtikan ngalakukeun dokuméntasi dina unggal kagiatan anu dilakukeun nalika obsérvasi. Dokuméntasi ieu salaku palengkep dina kaabsahan ieu panalungtikan.

3.3.2 Instrumen Panalungtikan

Métode jeung instrumen dina panalungtikan patali jeung cara kumaha nyangking data nu diperlukeun. Métode leuwih nyoko kana stratégi, prosés, jeung pamarekan dina milih jenis, karakteristik, sarta diménsi ruang jeung waktu dina data nu diperlukeun. Instrumén nyoko kana alat atawa cara pikeun ngajaring data nu dibutuhkeun (Sudjana, 2011, kc.52).

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Lembar céklis obsérvasi: mangrupa alat pikeun ngadata naon waé nu kudu ditalungtik. Di handap ieu conto lembar céklis obsérvasi dina ieu panalungtikan.

No	Hal-hal anu diobservasi		Kaobservasi	Henteu
1	Palaku	Palaku Primer	√	-
		Palaku Sekunder	√	-
2	Aktivitas	Tatahar TNgRR	√	-
		Prak-parakan TNgRR	√	-
3	Barang	Busana	√	-

Dita Anggia Dewi, 2016

**AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA
DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	Waditra	√	-
	Pakarang	√	-
	Sasajen	√	-

- 2) Lembar Cékliis Daptar Pustaka: mangrupa alat pikeun ngadata buku naon waé nu dipaké waktu panalungtikan. Di handap ieu conto lembar cékliis daptar pustaka dina ieu panalungtikan.

No	Judul Buku		Aya	Henteu
1	Kabudayaan	Pengantar Ilmu Antropologi	√	-
		Pengantar Ilmu Antropologi Pokok-Pokok Etnografi II	√	-
2	Metode Penelitian	Metode Penelitian Kebudayaan	√	-
		Pengantar Metodologi Penelitian Pendidikan dan Pengajaran Bahasa	√	-
3	Pendidikan	Strategi Belajar Mengajar	√	-

- 3) Pedoman wawancara : mangrupa patalékan dina prosés wawancara waktu panalungtikan. Patalékan anu baris diajukeun ditataan dina tabél di handap.

Rumusan	Patalékan
Sajarah	Kumaha sajarah ngadegna Padépokan Kuru Sétra?
	Kumaha kasang tukangna dilaksanakeun TNgRR?
	Kumaha asal usul ngaran TNgRR?
	Naon udagan diayakeunna TNgRR?
Prak-prakan	Kumaha bébédaan TNgRR baheula jeung ayeuna?
	Iraha lumangsungna ieu tradisi ?
	Aya sarat husus atanapi henteu dina ngalaksanakeun ieu Tradisi ?
	Kegiatan naon waé anu dilakukeun saacan lumangsungna TNgRR?
	Kumaha prak-prakanna TNgRR?
	Saha anu sok mingpin TNgRR?
Pakakas	Pakakas naon waé anu dibutuhkeun nalika lumangsungna ieu tradisi ?
	Naon pungsi pakakas nu aya dina TNgRR?
Ajén Éstétika	Kumaha simbol jeung ajén éstétika nu nyangkaruk dina TNgRR?
	Kumaha ajén éstétika dina runtuyan TNgRR?

Dita Anggia Dewi, 2016

**AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA
DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Cara Ngamumulé	Kumaha respon masarakat sabudeureun padépokan kana ieu tradisi ?
	Kumaha cara nanjeurkeun jeung ngamumulé TNgRR?

- 4) Alat pangrekam jeung kaméra: alat pangrékam dipaké pikeun ngumpulkeun data sacara lisan waktu ngalakukeun wawancara jeung salah sahiji tokoh nu aya di Padépokan Kuru Sétra pikeun meunangkeun data. Kaméra dipaké pikeun dokumentasi. Ieu kaméra miboga fungsi pikeun nyokot foto tempat jeung nara sumber atawa kajadian anu lumangsung waktu keur panalungtikan.

3.3.3 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus kakumpul tina hasil panalungtikan tuluy diolah maké métode analisis déskriptif, nya éta ngadéskripsikeun ngeunaan naon nu nyangkaruk dina TNgRR. Sangkan leuwih museur kana data nu rék diolah, aya kartu data nu eusina poin-poin pikeun ngébréhkeun hasil panalungtikan. Di handap ieu conto kartu data.

Kartu Data
<ul style="list-style-type: none"> - Déskripsi Kasang Tukang TNgRR - Déskripsi Prak-prakan TNgRR - Déskripsi Ajén Éstétika TNgRR - Déskripsi Hasil Panalungtikan jeung Bahan Pangajaran Maca

Gambar 3.3

Kartu Data

3.4 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Dina panalungtikan aya sababaraha léngkah anu kudu diperhatikeun. Dihandap ieu ditataan léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan.

1) Tatahar

Tatahar mangrupa hal nu kudu diperhatikeun saacan lumangsungna panalungtikan, saperti kalengkepan alat dokuméntasi, data informan, pedoman wawancara, catétan lapangan, jrrd.

Dita Anggia Dewi, 2016

AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) **Tabulasi**

Tabulasi nya éta prosés ngahijikeun data anu kapanggih dina prosés panalungtikan. Di handap ieu ditataan kagiatan dina tabulasi:

- (1) ngumpulkeun kabéh data anu kapanggih dina hasil studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung studi dokuméntasi;
- (2) masing-masingkeun data dumasar gundukanana; jeung
- (3) ngaluyukeun data jeung téhnik analisis anu rék dipaké.

3) **Dipakéna data saluyu jeung pamarekan panalungtikan**

Sanggeus ngalakukeun tabulasi, data-datana tuluy diolah saluyu jeung pamarékan nu dipilih dina ieu panalungtikan. Hasil nu dimeunangkeung nya éta ngawengku a) asal-muasal TNgRR; b) prak-prakan TNgRR; c) ajén éstétika dina TNgRR; d) larapna TNgRR pikeun bahan pangajaran.